

Sant kontwòl pwazon yo bay konsèy espè rapid, nan telefon. Nou kapab ede ou ak fanmi ou avèk ijans pwazon epi avèk kesyon konsènan anpwazònman.

Ou kapab rele lajounen oswa lannwit, 7 jou pa semenn, nenpòt jou nan ane a.

Enfimyè, famasyen, doktè, ak lòt espè pwazon ap reponn apèl ou.

Nou kapab ede ou nan plis pase 150 lang oswa si ou gen pwoblèm pou tande.

Genyen anpil sant kontwòl pwazon toupatou nan peyi nou. Ou kapab kontakte yon sant kontwòl pwazon depi w rele **1-800-222-1222** nenpòt kote Ozetazini.



## Premye Sekou pou Anpwazònman

### Si yon moun

- ✓ sispann respire
- ✓ tonbe, oswa
- ✓ gen yon malkadi

### Rele 911 touswit.

### Pwazon nan zye?

Rense zye a avèk dlo tiyo.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222

### Pwazon sou po?

Retire rad pwazon an touche a. Rense po ou avèk dlo tiyo.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

### Inale pwazon?

Respire lè fre touswit.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

### Vale pwazon?

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

**Pa** eseye remèd oswa pa eseye fè moun nan vomi.


Rele sant kontwòl pwazon ou anvan.

Pou jwenn plis enfomasyon, ale nan sit wèb [www.aapcc.org](http://www.aapcc.org) oswa rele sant kontwòl pwazon lokal ou.



© 2010 Asosyasyon Ameriken Sant Kontwòl Pwazon

# SANT KONTWÒL PWAZON OU



Chak 8 segonn yon moun  
bezwen yon sant kontwòl  
pwazon...


**Èske ou ta ka  
pwochen moun nan?**

**POISON  
Help**  
1-800-222-1222

Èd Gratis,  
Rapid, Espè.  
24 èdtan pa jou,  
7 jou pa semenn

## Èske Ou Konnen?

Nou souvan panse timoun yo anpwazonnen.  
Men pifò moun ki mouri nan pwazon se adilt!  
Anpwazònman se yon danje pou nou tout.



Prèsk tout bagay kapab  
gen pwazon si ou itilize li nan  
move fason, nan kantite ki pa kòrèk, oswa si yon  
moun itilize li san li pa t dwe fè sa.

Men kèk pwason:

- medikaman (sou preskripsyon, san preskripsyon, remèd fey) ak dwòg lari
- pwodui nan kay tankou chancou, klowòks, ensektisid ak pestisid, antijèl, ak lwil lanp
- sibstans chimik nan travay ou
- bèt mòde ou oswa ensèk pike ou
- chanpiyon ak plant
- vapè ak gaz

Lè ou pran kantite medikaman ki pa kòrèk  
oswa lè ou pran medikaman yon lòt moun,  
lè ou konsume savon vesèl pa aksidan, melanj  
ajan netwayaj, oswa lè ou bwè twòp alkòl sa  
lakòz anpwazònman.

## Pou Kisa Ou Ta Dwe Rele?

Anpwazònman kapab rive nenpòt moun epi sant kontwòl pwazon yo la pou tou tout moun. Apèl la gratis ak konfidansyèl.


### Nou Ede Ou Sove Lajan ak Tan:

Sèt (7) moun sou dis (10) ki rele sant kontwòl pwazon jwenn èd nan telefon nan. Yo pa oblige ale nan yon klinik doktè oswa nan lopital.

### Doktè Ou Rele Sant Kontwòl Pwazon an Tou:

Lè doktè ak enfimyè yo bezwen èd pou trete anpwazònman, yo rele sant kontwòl pwazon lokal yo.

### Nou se espè.



## Konsèy pou Prevansyon

### Pwazon

Si w panse yon moun anpwazonnen, rele 1-800-222-1222 touswit. Anpwazònman grav pa toujou montre siy yo bonè.

- Mete 1-800-222-1222 nan telefon selilè ou ak nan telefon ki toupre lakay ou.
- Kite medikaman yo ak pwodui kay la nan resipyen orijinal yo ak kote ki diferan ak kote ou mete manje.
- Toujou li etikèt la epi swiv tout enstriksyon yo.
- Kite pwodui kay ak medikaman yo yon kote ki fèmen ak kle. Mete yo kote timoun pa kapab wè yo oswa jwenn yo.
- Achte pwodui ki genyen anbalaj timoun pa ka louvri fasil. Men sonje, pa gen anyen timoun pa ka louvri!
- Pa janm rele medikaman “bonbon.” Pwazon kapab sanble avèk manje oswa bwason. Montre timoun yo pou yo mande yon adilt anvan yo goute nenpòt bagay.
- Chèche konnen pwodui ak medikaman jenn moun itilize pou yo “entoksi.” Pale avèk adolesan ou oswa pre-adolesan ou osijè danje sa yo.
- Ou dwe genyen yon detektè monoksid kabòn lakay ou ki bon.



**Èd Gratis, Rapid, Espè.**  
**24 èdtan pa jou, 7 jou pa semenn**

**1-800-222-1222**